



# HALF-MILLION MOBILIZATION

## Mobilizasyon Demi-Milyon

### Kesyon yo poze souvan (QF)

Mizajou: 17 Fevriye 2022

#### Enfòmasyon Jeneral

##### Dat kle/Gwoup

**Madi, 11 Janvye 2022 – 50 Priye**

Sipèentandan Jeneral yo, Konsèy Jeneral, Prezidan Inivèsite/CGN/STN, Komite Konsiltatif  
Sipèentandan Distri yo, Lidè Sant Global Ministè a

**Madi, 1 Fevriye 2022 – 500 Priye**

Sipèentandan Distri yo, Konsèy Konsiltatif Distri yo, Lidèchip Distri a (Administratè/Anplwaye,  
MNI, JNI, MEDFDI), Ekip Preparasyon Estratejik Miltikiltirèl (EPS), Pastè Gwo Legliz yo(PGE), Ekip  
Santral Ministè Entènasyonal la

**Madi, 1 Mas 2022 – 5,000 Priye**

Pastè prensipal legliz yo

**Avril Konsèy la nan mwa Avril 2022 – 50,000 Priye**

Pastè, lidè legliz yo, Komite legliz lokal yo, Anplwaye ak lidè Ministè yo

**Dimanch, 1 Me 2022 – 500,000 Priye**

Pastè lidè legliz la ak Kongregasyon yo

##### Resous ki disponib yo

###### Videyo

Konvokasyon pou lapriyè / apèl pou dyalòg  
Montaj lapriyè (GS's ak anpil lòt lidè ki mete tèt yo ansanm pou ale nan lapriyè)  
Mesaj (yo) ki soti bò kote Dr. Stan Reeder

###### Gid lapriyè yo

Gid pou Jounen Lapriyè a  
Gid pou preparasyon gèye lapriyè a

###### Jounal lapriyè, soti nan dat (1 Me pou rive nan dat 5 Jen ki se jou Lapannkòt la)

Jounal Lapriyè pou Lapriyè pou Lapannkòt (Vèsyon Enprime ak Entènèt)

###### Aplikasyon mobil jounal lapriyè

Jounal Lapriyè, notifikasyon rapèl, nòt ak plis ankò!  
Prèch lapriyè (1 Me jiska Lapannkòt, nan dat 5 Jen)  
Maniskri prèch, modèl PowerPoint, eksepsyonèl videyo  
Holiness Today Prayer Edition (Piblikasyon Mas/Avril)  
Plizyè atik sou lapriyè plis yon jounal lapriyè ki fèmen

##### Kote pou jwenn plis enfòmasyon

Sit entènèt

[www.usacanadaregion.org](http://www.usacanadaregion.org)

Medya sosyal

[www.instagram.com/usacanadaregion](https://www.instagram.com/usacanadaregion)

[www.facebook.com/usacanadaregion](https://www.facebook.com/usacanadaregion)

Imèl

[sreeder@usacanadaregion.org](mailto:sreeder@usacanadaregion.org)  
[jalexander@usacanadaregion.org](mailto:jalexander@usacanadaregion.org)

## Kesyon/Repons

### **Kesyon - Poukisa nou gen apèl sa a pou lapriyè?**

**Repons** - Nou bezwen plan Bondye, objektif Bondye reyalize nan lavi nou ak nan legliz nou yo. Divizyon ki egziste nan kilti nou an ak feblès ki genyen nan ministè Nazareyen nou yo dwe bese. Nou dwe tounen vin jwenn Bondye pou ke li dirije nou; nou dwe chèche volonte l nan lapriyè ansanm. Tan lapriyè sa a pral pèmèt ke nou mete tèt nou ansanm antanke rejyon. Bondye di ke lè n ap chèche l ak tout kè nou, n ap jwenn li (Jeremi 29:13).

Rèv avèk Mobilizasyon Demi-milyon an se ke nou pral fè eksperyans inite kòm yon rejyon, nou pral tandè vwa Sentepri a nan moman lapriyè nou an, nou pral pataje youn ak lòt sa Lespri a ap di, epi nou pral dekouvri plan li pou espwa ak lavni nou.

### **Kesyon - Èske nou priye fizikman an gwoup oswa poukont nou?**

**Repons** – Se trè byen, sa depann de ou menm. Rasanble ak frè ak sè w yo an pèsòn oswa sou entènèt si w enterese. Ou lib pou w priye poukont ou tou. Sa a se òganizasyon pèsònèl li ye.

### **Kesyon - Kisa ki andedan "Apèl pou dyalòg" inisyativ sa a?**

**Repons** - Sa a se yon opòtinite pou tout moun yo pataje sa Lespri a te di yo nan moman lapriyè a. Gen yon Repons lapriyè / Sondaj sou entènèt ki pral kolekte repons nan men tout moun ki patisipe yo. Sondaj la pral louvri jiska mwa jen, epi yo ankouraje moun yo pou yo reponn plizyè fwa pandan Lespri a ap dirije.

### **Kesyon - Èske pral gen yon gid lapriyè ki disponib pou swiv pandan moman nou nan lapriyè a?**

**Repons** - Wi. Genyen yon *Gid Preparasyon pou gèye lapriyè* sou sitwèb la kounye a ak mizajou chak mwa jiska Avril. Sa a kapab pataje ak itilize nan tout inisyativ la. Anplis de sa, w ap resevwa yon gid lapriyè pa imel pou jou lapriyè w la ak jou lapriyè avril ak me ak legliz lokal ou a.

### **Kesyon - Kisa yo rekòmande pou jou lapriyè avril la?**

**Repons** – Bay tan nan reyinyon Konsèy Avril ou a pou priye ak konsèy ou, anplwaye yo, ak lidè ministè w yo. Sa a se yon opòtinite pou mete ekip lidèchip ou a ansanm pou priye pou legliz Nazareyen ak legliz lokal ou a. Chak legliz pral resevwa resous pa imèl nan kòmansman mwa Mas la. Resous yo pral gen ladan yon mesaj videyo kout ki soti bò kote Dr Reeder, yon gid lapriyè, ak lyen ki mennen nan lòt enfòmasyon ki itil.

### **Kesyon - Ki sa ki rekòmande pou jounen lapriyè mwa Me a?**

**Repons** - Mete tan disponib nan sèvis fen semèn 1 Me a pou priye ak tout legliz ou a. Sa a se yon opòtinite pou nou mete tèt nou ansanm nan lapriyè ak tout denominasyon nou an nan peyi Etazini/Kanada. Chak legliz pral resevwa resous pa imèl nan kòmansman mwa Mas la. Resous yo pral gen ladan yon mesaj videyo kout ki soti bò kote Dr Reeder, yon gid lapriyè, yon seri prèch, resous pou ministè ti moun yo, jounal lapriyè, ak lyen ki kapab mennen nou nan anpil lòt enfòmasyon ki itil.

### **Kesyon - Ki sa jounal lapriyè a ye epi ki jan mwen kapab jwenn youn?**

**Repons** - Jounal Lapriyè Praying Our Way to Pentecost (Priye nan Fason pa nou pou Lapannkòt) la se yon seri 36 devosyon chak jou k'ap kòmanse apati de 1 Me epi li fini nan jou Lapannkòt, ki se 5 jen. Chak pastè pral jwenn youn gratis ansanm ak edisyon lapriyè Mas/Avril Sentete Jodi a. Sa a pral soti nan fen mwa Fevriye. Jounal Lapriyè a ap disponib tou sou fòm dijital sou sit entènèt nou an.

### **Kesyon – Èske mwen ka jwenn lòt kopi jounal lapriyè a tou enprime?**

**Repons** - Wi. Pri a pral \$10 pou yon pakèt ki genyen 10 kopi, ki gen ladan Holiness Today Prayer Edition (Sentete Jodi a; Edisyon Lapriyè) ak Jounal Lapriyè. Lòd ki ase pou tout legliz ou a! Men lyen pou kòmande pakèt ou yo.

[www.thefoundrypublishing.com/prayerjournal](http://www.thefoundrypublishing.com/prayerjournal)

**Kesyon – Èske mwen ka itilize resous videyo yo nan reyinyon legliz mwen yo ak sèvis yo?**

**Repons** - Wi. Tout Videyo sa yo disponib pou ou itilize jan ou konsidere yo nesèsè. Nou te adapte kontni an pou odyans lan, men yo disponib pou ou itilize jan ou vle. Mesaj espesifik ki dirije bay lidèchip legliz ou a ak kongregasyon yo pral enkli nan pakèt imèl kòmansman mwa Mas la.

**Kesyon – Èske mwen kapab jwenn lòt kopi jounal lapriyè ki enprime a?**

**Repons** - Aplikasyon mobil sa a ap disponib nan magazen aplikasyon ki pote non Apple and Google. Aplikasyon an ap gen ladan li jounal lapriyè Praying Our Way to Pentecost (Priye nan Fason pa nou pou Lapannkòt) ak notifikasyon rapèl, nòt, ak lòt karakteristik ke ou kapab jwi. Rete tann dat disponiblite a k'ap trè byento.

**Kesyon - Èske pral gen resous prèch ki disponib pou akonpaye inisyativ lapriyè a?**

**Repons** - Wi. Apati de mwa Mas, maniskri prèch ak grafik sipò yo pral disponib pou itilize nan legliz lokal la. Lyen yo ap disponib sou sit entènèt nou an; gade pou plis detay.

**Kesyon - Kisa sig yo vle di?**

**Repons** – EPS: Ekip Preparasyon Estratejik

Sa yo se ekip miltikiltirèl nou yo ki travay ansanm pou avansman misyon an nan kominote inik yo atravè rejyon an.

EM: Legliz mil la

Sa yo se pi gwo legliz nou yo atravè rejyon an ki genyen 1,000 moun oubyen plis

CCSD: Komite Konsiltatif Sipèentandan Distri a

Sa a se yon gwoup ki fòme ak yon DS nan chak domèn edikasyon ki travay pou avanse misyon an nan kilti yo

CMI: Sant Ministeryèl Entènasyonal

Sa a se biwo katye jeneral pou denominasyon an nan Lenexa, Kansas

MEDFDI: Ministè Lekòl di Dimanch ak Fòmasyon Disip Entènasyonal

Ministè disip mondyal pou ti moun, jèn, ak granmoun nan Legliz Nazareyen.

MNI: Misyon Nazareyen Entènasyonal

Ministè misyon mondyal pou Legliz Nazareyen.

JNI: Jenès Nazareyen Entènasyonal

Ministè mondyal yo te konsantre sou jèn ki nan Legliz Nazareyen yo.

CBN: kolèj Biblik Nazareyen

Kolèj biblik sou entènèt pou preparasyon ministè Legliz Nazareyen.

STN: Seminè Teyolojik Nazareyen

Edikasyon teyoloji kreyèn ak ministè nan Legliz Nazareyen